*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæпputæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№28 (26480)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 19 февраль – æртхъирæны мæйы 19 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 МЕДИЦИНÆ
Нырыккон кусæнгæрзтæй сифтонг кодтой
3 ЗÆГЪЫН УЫН ÆРГОМÆЙ
Тематикон фарс
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Уæззау атлетикæ

**Фембæлд**

## Ныфсджын къахдзæфтæй – равзæрст фæндагыл



**Ацы аз нæ республикæйы 500 студентæй фылдæр арæзтадон къордты рæнхъы архайдзысты горæт Северскы атомон станцæйы арæзтады, сывæллæтты æппæтуæрæсеон центртæ «Орленок» æмæ «Смена»-йы, стæй нæхи санаторитæ «Тæмискъ» æмæ «Осетия»-йы раздзогтæй. Уымæй уæлдай, «Гранд Сервис Экспресс»-ы кусдзысты проводниктæй, ирыстойнаг фæсивæдмæ æнхъæлмæ кæсынц «Норильскникельремонт» æмæ «ДТК-Ямал»-ы цалцæггæнæн куыстытæм æмæ нæхи республикæйы арæзтадон объектты.**

Хъæзуатон фæллой, æппæты нырыккондæр технологитимæ зонгæдзинад, фæлтæрддзинад райсын, ног зонгæтæ æмæ æмбæлттæ скæнын – ацы æппæт хорздзинæдтæй фæхайджын уыдзысты æрыгон чызджытæ æмæ лæппутæ, йæ студентон цард арæзтадон къордтимæ чи сбаста, уыдон.

– Ирыстоны сæрæн фæсивæд, сæ хистæрты кад æмæ традицитæ дарддæр хæсгæйæ, аккаг хуызы æвдисдзысты нæ республикæ æппæтуæрæсеон арæзтæдты – ацы ныхæстимæ Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты байгом кодтой Уæрæсейы арæзтадон къордты бон. Райхъуыстысты Уæрæсейы Федераци æмæ Цæгат Ирыстоны гимнтæ.

Нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** арæх æмбæлы фæсивæдимæ. Студенттимæ фæдзуры нæ регионы рæзтыл, ахуырад æмæ фæллойы фарстатыл. Æмæ та ныр дæр æхсызгонæй фембæлд студентты къордты активимæ.

– Нæ зынаргъ чызджытæ æмæ лæппутæ, ныфсджын къахдзæфтæй цæут уæ равзæрст фæндагыл! Æнæ рæдигæ нæ вæййы уæлахиз, афтæмæй исæм фæлтæрддзинад, кæнæм тыхджындæр. Абоны бæрæгбон иу кæны бирæ фæлтæртæ – ахуырæй уæгъд рæстæг чи æххуыс кодта заводтæ æмæ гидроэлектростанцæтæ аразынмæ, чи куыста зæрæстон зæххыты, афтæмæй нæ бæстæйы рæсугъд фидæнмæ йе 'вæрæн чи хаста алы азты, уыдоны. Абон дæр уыцы хорз хъуыддаг нæ бамынæг. Уæрæсейы Президент загъта, нæ бæстæ тыхджын у йæ бирæнацион адæмты иудзинадæй æмæ хæлардзинадæй.

Æнæзивæгæй цæут алы рæттæм, цæмæй фенат, базонат, бадис кæнат. Цы дуар нæ бахойай, уый нæ байгом уыдзæнис. Абон сымахыл кусы рæстæг, æмæ дзы æххæстæй спайда кæнут. Æрыгон бонтæ тагъд атæхынц, нæй сæ раздахæн. Хъуыды кæнут уæ алы къахдзæфыл дæр, цæмæй уæ архайдæй сæрыстыр уой ныййарджытæ. Ма рох кæнут – хистæртæ уын алывæрсыг æххуыс сты, хæдзары уæм æнхъæлмæ кæсынц. Ацы царды бахæлæг кæнæн ис æрыгондзинадмæ, æмæ уын цæстуарзонæй зæгъын, амондимæ аразут уæ цардвæндаг, – фыд йæ фыртæн цæстуарзонæй куыд дзура, афтæ фæсивæдимæ ныхас кодта Сергей Меняйло. Фæстæдæр, арæзтадон къордты активондæрæй чи архайдта, уыцы студенттæ æмæ сæ разамонджытæн раттой Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæджы Арфæйы фыстæджытæ, уыдонимæ – **Хетæгкаты Олег, Кокойты Хъазыбег, Ярослав Устинов, Хъантемыр Сруков** æмæ иннæтæ.

Хæххон-металлургон институты ректор **Хъамболты Дзамболат**, студент уæвгæйæ, архайдта Прибалтикæйы атомон станцæйы арæзтады. Йæ ныхасмæ гæсгæ, институтæн æнгом бастдзинæдтæ ис нæ бæстæйы бирæ егъау куыстуæттимæ, æмæ сæ нымæц фылдæр кæндзæнис.

– Фыццаг арæзтадон къордтæ 60-æм азты куы фæзындысты мах институты, уæдæй абонмæ уыцы змæлд нæ бамынæг. Фæсивæды хуыздæр минæвæрттæ аккаг куыст хорз мыздимæ ссарынц, уый æхсызгон у, – загъта ректор.

Бæрæгбоны арфæтæ фæсивæдæн ракодта Норильскникельремонт»-ы генералон директоры хæдивæг **Александр Астахов**.

– Тызмæг у æрдз Норильскы. Уазал нæм бирæ рæстæг хæссы, сæрды мæйтæ та цыбыр сты. Нæ заводтæ, фабрикæтæ уыцы рæстæг цалцæг кæнынмæ февналæм. Кусæг къухтæ нæ фаг кæны, æмæ нын стыр æххуыс вæййынц студентты къордтæ. Ирыстойнаг фæзминаг фæсивæдмæ æнхъæлмæ кæсæм кæддæриддæр. Рацæут нæм ног зонындзинæдтæм, хæлардзинады фæдыл, – загъта А.Астахов æмæ арфæ ракодта Ахуырады министрад æмæ институты разамындæн сæ æмгуыстады тыххæй.

Сыбыры æмæ Кавказы федералон зылдты Уæрæсейы студентты къордты куратор **Маргарита Барсукова** куыд фæнысан кодта, афтæмæй, ахæм къордты æххуысæй 54 мин студенты райстой уæлæмхасæн кусæг дæсныйæдтæ.

– Мах арæзтам космодром, олимпиаг объект, фæндæгтæ æмæ хидтæ. Фæллой царды бындур кæй у, уый ныхæстæй нæ, фæлæ хъуыддагæй æвдисынц ацы фæсивæд. Цæгат Ирыстоны разамонджытæ рагæй дæр стыр æргом здахынц студентты арæзтадон къордты архайдмæ, – загъта М.Барсукова, æмæ ныфс бавæрдта алывæрсыг æххуысæй.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Партион архайд**

## Æппæтæй раздæр – студентты бинонтæн

**Æрыгон студентты бинонтæм æмдзæрæнты бынæттæ æппæтæй раздæр райсыны бар цæмæй уа, политикон парти «Иугонд Уæрæсе» уымæн фадæттæ саразта.**

Амынд парти кæй бавдыста, бæстæйы Паддзахадон Думæ уыцы закъон æртыккаг бакасты сфидар кодта.

Ахуыргæнæндæттæн æмдзæрæнты цæрæн агъуыстытæ дæттын æмæ ахуырдзаутæ ацы агъуыстытæй куыд пайда кæндзысты, æрыгон æмæ студентты бинонтæн кæй дæтдзысты, уæрæсейаг уæлдæр скъолаты арæзт æрцæуыдзысты бинонты ахæм хайæдтæ, фатертæ æмæ агъуыстытæ. Студенттæ нын сæхæдæг бафæдзæхстой ацы хъуыддаг баххæст кæнын, – зæгъы скъолаты кусынц студентты бинонтæм цæстдарды 922 центры, æрыгон ныййарджыты раивынц бюджетон бынæттæм, сывæллон кæмæн райгуыры, ахуыргæнæндæттæ уыцы ныййарджытæн æхцайæ баххуыс кæнынц.

– Нæ закъоны фæрцы федералон æмвæзадыл кæй сфидар кодтой, студентты бинонтæн æххуысы уыцы стандартæй ныридæгæн



уыимæ баст чи у, ног документ уыцы ахастдзинæдтæ амоны (уыимæ бæстæйы Ахуырад æмæ Рухсады министрадтæн дæттынц амынд агъуыстытæ дæттыны иумæйаг фæтк бæлвырд кæныны бар).

– Социалон ахадындзинад кæмæн ис, уыцы вазыгджын хъуыддаг нывыл кæнæм. Ныхас цæуы æххуысы ахсджиаг мадзалыл. Фыццаджыдæр, Паддзахадон Думæйы фæсивæдон политикæйы комитеты сæрдар **Артем Метелев**.

Депутатты ныхасмæ гæсгæ, ныридæгæн сывæллонджын ныййарджытæн кæй байгом кодтой, хæстæгдæр фондз азы дæргъы уыцы 250 агъуысты нымæц минæй фæфылдæр уыдзæн.

Артем Метелев куыд загъта, афтæмæй уæлдæр пайда кæнынц. Нæ парти Хицауадимæ иумæ демографион фарста лыг кæныныл архайы. Æрыгон бинонтæн уавæртæ иумæйагæй аразæм æмæ ацы куыст дарддæр æххæст кæндзыстæм, – загъта депутат.

Ног закъон архайын райдайдзæн ацы азы сентябрæй фæстæмæ.

**САНАТЫ Альбинæ**

**Коммуналон хæдзарад**

## Доннымайæнтæ сæвæрынæн

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ бардзырдмæ гæсгæ, паддзахадон унитарон куыстуат «Донæй æфсисад æмæ дон иуварсуадзæн республикон куыстуат»-ы специалисттæ æрзилынц хицæн адæймæгты хæдзæрттыл æмæ, льготон къордтæм хауæг адæймæгтæм доннымайæнтæ лæвар райсыны бар кæй ис, хæдзæртты цæрджытæн уый æмбарын кæнынц.**

Донæй пайда кæнын куыд æмбæлы æмæ дон хардз кæныны тыххæй æргътæ куыд æвæрынц, уыцы куыстуаты специалисттæ адæмæн уыдæттæ бамбарын кæнынц.



**ФИППАИНАГ**: фæкæсинаг адæймæгтæн цæмæй рæвдздæр баххуыс кæной, куыстуаты специалисттæ хæдзæрттыл уый тыххæй æрзилынц. Льготон къордтæм хауæг адæмы хæс у, контролерты æрбацыдмæ не 'нхъæлмæ кæсгæйæ, «Донæй æфсисад æмæ дон иуварсуадзæн республикон куыстуат»-ы районы хайæдтæм хæдбарæй бахатын æмæ доннымайæн райсыны тыххæй курдиат ныффыссын.

Ныридæгæн куыстуаты специалисттæ 800 курдиатæй фылдæр равзæрстой. Фæкæсинаг адæймæгтæ, стæй бирæсывæллонджын æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæ райстой доннымайæнтæ. Ацы хъуыддагыл дарддæр кусынц.

**РЦИ-Аланийы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрады пресс-службæ**

**Аивад**

## Ног комплекс саразынæн

**Цæгат Ирыстоны культурæйы министр ГУЫДИАТЫ Батрадзы ныхасмæ гæсгæ, нæ республикæйы бæхты драмон театр «Нарт»-æн ног концертон комплекс саразынæн хъæугæ гæххæттытæ цæттæ сты.**

Уæвæн ис, æмæ рæхджы Уæрæсейы иунæг амынд театр æххуыс райсдзæн.

– Театр «Нарт»-ы ныры фадæттæ аивадуарзджыты домæнты аккаг кæй не сты, уый нымайгæйæ, ног концертон комплекс саразын æмбæлы. Ног комплексы фæрцы уыдзæн рухстауæн архайд æххæст кæныны, сывæллæтты дзæбæх кæныны, лекцитæ кæсын æмæ бæхтыл тезгъо кæныны фадат, изæрæй та спектакльтæ æвдисдзыстæм. Ног объект нымад уыдзæн канд



ног сценæйыл нæ, фæлæ, бинонтæн сæ фæллад суадзын æмæ фæстæдæр хорз спектакльмæ бакæсыны фадат кæм уыдзæн, ахæм бынатыл, – зæгъы министр.

Культурæйы министрады минæвары ныхасмæ гæсгæ, спектакльтæ æвдисыны рæстæг театры æппæт сæдæ бынаты стæмтæй фæстæмæ ахст æрцæуынц. Аивадуарзджытæ билеттæ уайтагъд балхæнынц.

Егъау проект баххæст кæнынæн федералон центр кæй баххуыс кæндзæн, театры коллектив йæ зæрдæ ууыл дары.

Уæдмæ уал театр «Нарт» парахатæй æххæст кæны гастролон архайд. Рæхджы артисттæ гастролон балцы ацæудзысты Ижевскмæ.

**ДАТИТЫ Ольгæ**

### Дзырды фарн

*Алы заманæн хицæн æгъдау æмæ æфсарм вæййы.*

*ТЫБЫЛТЫ Алыксандр*

Барадхъахъхъæнджыты куыст

# Закъонтæм хаст ивддзинæдтæ

**Уæрæсейы Президенты академийы цæгатирыстойнаг минæварады ацæуæг пресс-конференцийы рæстæг бæстæйы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы регионалон управленийы лицензион-бардæттæг куысты центры хицау, пъæлицæйы дæлбулкъон ТЛАТТАТЫ Тамерлан федералон закъонæвæрынады фæзынæг ногдзинæдты тыххæй хабæрттæ журналисттæн радзырдта.**




Тлатты-фырты ныхасмæ гæсгæ, хæцæнгæрзты æппæт хуызтæ æлхæнын, æфснайдæй дарын æмæ сæ пайда кæныны фæдыл лицензитæ исын æмæ сын сæ архайды æмгъуыд адаргъ кæныны хъуыддæгтимæ баст чи у, адæмы хæс у закъонæвæрынадмæ хаст æппæт уыцы ногдзинæдтæ базонын.

Пъæлицæйы афицеры ныхасмæ гæсгæ, адæмы хæс у хæцæнгарз дарын æмæ дзы пайда кæныны фæдыл закъонæвæрынады домæнтæ биноныг æххæст кæнын. Тæрхонгонд кæмæн уыд æмæ административон бæрнондзинад кæмæй бадомдтой, хицауы бынатахсæг адæймаг уæлдай фылдæр æргом аздæхта ахæм адæймæгтæн лицензитæ дæттыны хъуыддагмæ.

– Адæймаг йæхи хæцæнгарз сæрмагонд æфсæддон операци æххæст кæныны тæлммæ барвитыны фæнд кæд скодта, уæд ацы адæймаджы хæс у цæрæн бынатмæ гæсгæ лицензион-бардæттæг куысты хайадмæ бахатын. Сæрмагонд æфсæддон операцийы домæнтæн хæцæнгарз чи ратта, хæцæнгарзы зилдухы къабазы хицæн административон барадхæлдтыты тыххæй административон бæрнондзинадæй уыцы адæймæгты ссæрибар кæндзысты, – загъта Тлатты-фырт.

Фембæлды кæрон пъæлицæйы афицер куыд загъта, афтæмæй, адæм кæуыл дзурынц, амынд управлени ахæм фарстатыл бæстон æрныхас кæнынмæ цæттæ у.

**УФ-йы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ**

«Æхсарджын Ирыстон»

# Практикæ – Геронтологон центры

**«Æхсарджын Ирыстон»-ы программæйы кæронбæттæны архайджытæ сæ ахуыры æртыккаг къæпхæны бабæрæг кодтой Фæллой æмæ социалон рæзты министрады дæлхайад. Геронтологон центры скондимæ базонгæ уæвынæй уæлдай сæ бон бацис куысты фæтк базонын: кадрты фарстайæ райдай æмæ социалон лæггæдтæ дæттынæй фæу.**

ДОБЛЕСТЬ ОСЕТИИ

Центры куысты тыххæй дзырдтой фæллой æмæ социалон рæзты министры хæдивæг **Торчынты Эльвирæ,** кусæндоны разамонæг **Цæллагты Людмилæ**. Æрбацæуджытæ федтой, кадрты фарстатæ цы хуызы лыггонд цæуы, цавæр домæнтæ рахæссынц рæгъмæ, ацæргæ адæмæн æххуысы ног фадæттæ куыд фæзынынц, уыдæттæ.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, ветерантæн, сæ бинонтæн реабилитацион хайады цы æххуыс лæвæрд цæуы, уый равзæрстой лæмбынæг. Центр æххæст у психологон, ног хъæру раттыны, комплексон æмдзуйы фадæттæй. Торчынты Эльвирæ куыд фæбæрæг кодта, афтæ программæйы кæронбæттæны архайджытæн регионалон разамынды мадзæлттæ базонын хорз æнтысы.

«Социалон къабазы уый у адæмимæ куыст, алы уынаффæ дæр хъуамæ уа барст, бæрнон. Ахæм фембæлдтыты руаджы нæ системæйы архайд фенæн ис. Уымæн æмæ адæмимæ æмбæлæм, ныхас кæнæм, сæ курдиæттæ лыггонд цæуынц. Афтæмæй сбæрæг вæййы кæронбæттæн бæрæггæнæн», – загъта фæллой æмæ социалон рæзты министры хæдивæг.



Ацы фембæлд ахицæн æхсызгон цауæй: фæллой æмæ социалон рæзты министр Абайты Юри бафыста, социалон къабазы рæзтмæ стыр бавæрæны тыххæй Геронтологон центр министрады Арфæйы фыстæгæй схорзæхджын кæныны уынаффæ. Центры кусджытæ æхсызгонæй сæмбæлдысты Арфæйы фыстæгыл.

**Фæллой æмæ социалон рæзты министрады пресс-службæ**

Алагиры районæй

# Црайуаг ахуырдзауты экскурси

**Црайуаг ахуырдзаутæн пъæлицæйаджы дæсныйадимæ хæстæгдæр базонгæ уæвыны фадат фæцис. «Лæгдзинады мæйон»-ы фæлгæты æстæмкъласонтæ зæрдæйы фæндиаг экскурсимæ ацыдысты. Семæ уыдысты скъолайы директоры уынаффæгæнæг ХÆЛЛАТЫ Маринæ, библиотекæйы разамонæг ЦÆРУКЪАТЫ Каринæ.**

сусæгдзинæдтæ, фæлæ уæддæр сывæллæттæ базыдтой, граждæнтæ, службæгæнджытæ куыд хъахъхъæд цæуынц, пъæлицæйы кусджыты техникон ифтонгады тыххæй хабæрттæ. Хайадмæ бацæуыны тыххæй пъæлицæйæгтæм баззад æппæт кусджыты зæрдæты, зонды.

Сывæллæттæ зæрдæбынæй байхъуыстой Рады хайады куысты тыххæй хабæрттæм. Пъæлицæйы лейтенант **Бекъойты Тимур** æмæ хайады специалистты цæттæ кæныны мæнтæ зæрдыл даргæйæ. Дарддæр ныхас рауад эксперттæ-криминалисттимæ. Службæйы хицау, пъæлицæйы капитан **Бокоты Екатеринæ** райгондæй сæмбæлд скъоладзаутыл. Уый сын радзырдта криминалисты куысты тыххæй, равдыста сын æппæт ифтонггæрзтæ, фæдтæ сбæрæг кæныны фадæттимæ чумæдан. Загъта, сæ бон кæй у сæхи æнгуылдзты фæдтæ сисын.

Уыдæттæ тынг фæцыдысты ахуырдзауты зæрдæмæ. Экспертты архайд дæр федтой, сæ ифтонгады тыххæй хабæрттæ базыдтой. Бокоты Екатеринæ куыд загъта, афтæмæй эксперты бон нæу æнæмæтæй бадын, куыдфæндыйы цæстæй кæсын хъуыддагмæ. Пъæлицæйы капитан ма фæбæрæг кодта, мидхъуыддæгты службæмæ кæй зæрдæ æхсайы, уыдоны бон кæй у Уæрæсейы Мидхъуыддæгты министрады уæлдæр ахуыргæнæндæттæм бацæуын.



Ацы фембæлды хъæппæрис равдыстой пъæлицæйы кæстæр лейтенант **Быгъуылты Альберт** æмæ пъæлицæйы хайады Ветеранты советы сæрдар, отставкæйы булкъон **Бицъоты Олег**. Афтæ рауад, æмæ экскурси рады кæнæ кинологты хайæдтæй нæ райдыдта, фæлæ контролон-уадзæн пунктæй. Афтæ зæгъæн ис, æмæ мидхъуыддæгты хайад æнæ контролон-уадзæн пунктæй хайад нæу.

Йæ куыст раст конд куы уа, йæ ахадындзинад та – æмбæрстгонд, уæд барадхъахъхъæнæг оргæнтæн сæ нысантæ сæ къухы æнтысдзысты. Уадзæн пункты руаджы дзурæн ис объекты æдасдзинадыл, мидхъуыддæгты хайадыл цы вазыгджын хæстæ æвæрд ис, уыдон ахадгæ хуызы æххæстгонд цæудзысты. Хайадмæ бацæуæны рæзгæ фæлтæрыл сæмбæлд пъæлицæйы сержант **Нæкуысаты Батрадз**. Уый у районы мидхъуыддæгты хайады Æдасдзинад æмæ терроризмæй хъахъхъæныны хайады пъæлицæйы уæнг.

Нæкуысайы-фырт лæмбынæг радзырдта, мидхъуыддæгты хайад, йæ дæлхайæдтæ, алфамбылай фæзуат куыд æмæ цы хуызы хъахъхъæд цæуынц, уый тыххæй. Ис бæлвырд ис сæрмагонд электронон æвдисæндар.

Экскурси ахæм æххæст нæ рауадаид, црайуаг ахуырдзаутæ мемориалон фæйнæджыты цур куы не 'рлæууыдаиккой, уæд. Байхъуыстой, сæ хæстæ æххæстгæнгæйæ, йæ цард чи снывонд кодта, уыдоны тыххæй раныхæстæм. Уыдон дæр кæддæр æрыгæттæ уыдысты, фæлæ фыдгæнджытæн нæ басастысты. Сæхиуыл нæ бацауæрстой, пъæлицæйы алы кусæг дæр сæ сырыстыр у. Милицæйы булкъон Челдыты Виталийы хъæбатырдзинадмæ уæлдай æргом аздæхта Быгъуылты Альберт, Челдыйы-фырт бæрнон, кæстæр лейтенант Быгъуылты Альберт радзырдтой рады хайады æрвылбоны архайды фæдыл. Пъæлицæмæ æрхатынц цæрджытæ, фехъусын кæнынц фыдракæндтæ скæныны тыххæй хабæрттæ, «Æдас горæт»-ы цæстдарæн системæ куыд æххæссы адæмыл, уыдæттæ базыдтой.

Бынтон диссаг сæм фæкаст, мидхъуыддæгты оргæнты кусджытæ цы хæцæнгарзæй пайда кæнынц, уыдоны хуызтæ. Пъæлицæйы кусджытæ сывæллæтты базонгæ кодтой гæрзты фæзынды историимæ, кæд сæ ис спайда кæнæн, æдасдзинады доСкъоладзаутæ ма фембæлдысты Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады иннæ службæты разамонджытимæ, кусджытимæ. Патрулон службæйы инспектор сын радзырдта патрулон машинæйы ифтонгады, техникон фæрæзты тыххæй, равдыста сын рухсдæттæг, сигналæрвитæг-дзурæг авналæнтæ. Црайуаг ахуырдзаутæ сæ зæрдæмæ хæстæг райстой пъæлицæйы службæгæнджыты бæстон ныхас, æхсызгон æнкъарæнтимæ æрбаздæхтысты хæдзармæ.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

Медицинæ

# Нырыккон кусæнгæрзтæй сифтонг кодтой

**Æнæмæнг æххæстгæнинаг медицинон фæдзæхстады полисмæ гæсгæ, дæндæгты дохтыры æххуысы системæйы райрæзтмæ уæлдай фылдæр æргом кæй здахынц, уымæн æвдисæн у, бындурон цалцæггæнæн куыстыты фæстæ Дзæуджыхъæуы аивгонд æрцæуæг фыццæгæм поликлиникæйы дæндæгты хайад.**



Ныр ам æппæт кусæнуæттæ ифтонггонд сты нырыккон кусæнгæрзтæй, боны фыццаг æмбисы чи кусы, уыцы рынчынтæн дæр дохтырмæ æрбацæуыны фадат цæмæй уа, медикты куысты фæтк арæзт у ахæм уагæй. Дæндæгты хайады дохтыртæм æрбацæуæг адæмæн æппæтвæрсыг лæггæдтæ кæнынц. Адæймагæн ис амынд хайадмæ æнæмæнг æххæстгæнинаг медицинон фæдзæхстады полисмæ гæсгæ æрбацæуыны бар дæр.

– Боны фыццаг æмбисы кусгæ кæй кæнын, уый ныма йгæйæ, поликлиникæйы дæндæгты ацы хайадмæ мæхи дзæбæх кæнынмæ æрбацæуын фæссихор. Ам кусынц дæсны, фæлтæрдджын специалисттæ. Бынæттон медиктæ æххуысы фæдыл сæм бахатæг адæймаджы æппæт фæндæттæ банымайынц, – зæгъы дзæуджыхъæуккаг **Елизавета Колодей**.

Дæндæгты хайады коллектив æппæтæй сæрыстырдæр кæмæй у, чысыл рентген-аппарат банымайæн ис ахæм ифтонггарзыл. Нырма уал ахæм ифтонггæрзтæ ис æрмæст ам æмæ Дзæуджыхъæуы æвдæм поликлиникæйы.

– Чысыл физиографы æххуысæй хæрзгыццыл радиацион тындæттынадимæ алы дæндаджы хицæн къам сисæм. Кæй дæндæгты къамтæ исæм, уыцы сылгоймаг кæд æнхъæлцау у, уæд ыл сæрмагонд хъахъхъæнæг уæлæдарæс скæнæм. Физиограф алы дæндаджы къам дæр сисы, – зæгъы медицинон хо-рентгенолог **Анико Гусева**.

– Нæ республикæйы паддзахадон поликлиникæты чи ис, адæм æнæмæнг æххæстгæнинаг медицинон фæдзæхстады полисты фæрцы дæндæгты уыцы хайæдты æххуысæй парахатæй пайда кæнынц. Канд хъомыл адæмы нæ, фæлæ сывæллæтты дæндæгтæ дæр дзæбæх кæнæм. Нырыккон кусæнгæрзтæй ифтонггонд поликлиникæты кусынц дæсны специалисттæ. Нæ поликлиникæтæ ифтонггонд кæмæй сты, уыцы кусæнгæрзтæ хицæн адæймæгты клиникæты æвæрд кусæнгæрзтæй цауддæр не сты, – зæгъы нæ республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Митциты Астан**.

Ацы азæй фæстæмæ хæстон цауты архайæг ветерантæн æнæмæнг æххæстгæнинаг медицинон фæдзæхстады фæткмæ гæсгæ кæнгæ дæндæгтæ дæр æвæрдзысты.

**КОЦТЫ Элианорæ**

# Гом дуæртты бон

**Медицинон академийы ахуырадон æмæ наукон царды бацархайыны фæнд кæмæ ис, уыцы абитуриенттæн скодтой Гом дуæртты бон. Ацы хъуыддагæн йæ ахадындзинад æмбаргæйæ, республикæйы «Роспотребнадзор»-ы специалисттæ фембæлдысты фидæны студенттимæ æмæ сын радзырдтой медикон-профилактикæйы хъуыддаджы тыххæй.**



Академийы программæйы хицæн хайы ныхас цыд, ахуыргæнæндон практикон æнæниздзинадимæ куыд баст у, ууыл. «Роспотребнадзор»-ы специалисттæ радзырдтой, медикон-профилактикон факультетимæ сæ æмгуыстад куыд цæуы, уый тыххæй. Факультет цæттæ кæны эпидемиологон цæстдарды специалисттæ, студенттæ практикæ скæнынц «Роспотребнадзор»-ы регионалон управленийы.



Ахуырадон хъуыддаджы архайынц фæлтæрдджын специалисттæ. Абитуриенттæм фæсидгæйæ, «Роспотребнадзор»-ы регионалон управленийы разамонæджы хæдивæг **Къаболаты Заремæ** куыд загъта, афтæмæй дæсныйад райсыны хъуыддаг тынг ахсджиаг у. «Фидæны дохтырты размæ бирæ гæнæнтæ ис, эпидемиолог æмæ гигиенисты дæсныйад равзаргæйæ, сымах суыдзыстут стыр тæссагдзинæдтимæ тохгæнджытæ, баст уыдзыстут цæрджытæн санитарон-эпидемиологон фæрныгад аразынимæ. Медицинон академиимæ нæ бастдзинад у фидар, цæттæ стæм æрыгон специалисттæ райсынмæ», – загъта Къаболаты Заремæ.

Гом дуæртты бон бацæттæ кæнæг адæм срæвдз кодтой æххæст программæ, фидæны рауагъдонтæ базонгæ сты академийы æппæт факультеттимæ. Медицинон ахуыргæнæндоны истори базонынæй уæлдай ма сæ фарстытæ дæр раттой, райстой сын æххæст дзуаппытæ.

**«Роспотребнадзор»-ы регионалон управленийы пресс-службæ**

# Нымæцон хуызмæ ма йæ уæддæр рахæссæм

**Уæртæ ма замантæ заманты хуызæн куы уыдысты, уæд, Радиойы хæдзары кусгæйæ, баййæфтон Хестанты Победæ, Дзагкойты Тамарæ æмæ Боциты Иринæйы (Иринæ рухсаг уæд). Уыдысты ирон æвзагыл информацион рауагъдтæ цæттæгæнæг редактортæ. Æз уал азмæ уый нæ хъуыды кæнын, Победæ, Тамарæ æмæ Иринæйы информацион рауагъдты уырыссагау дзурæг адæймаг райхъуыса. Ома, уæд дæр ирон æвзаг нымад уыд «дæлæ Елхотæй дарддæр»-ыл.**



Алы ран зыдтой ирон æвзагыл дзурæг адæмы, сæ сæрмæ нæ хастой, Ирыстоны цæргæйæ, ирон рауагъдмæ уырыссагау дзурæг адæймаджы ныффыссын. Сюжетæн йæ рæстæг ахста 1-2 минуты, бахъуыд-иу сæ цалдæр ранмæ азгъорын. Нæ зонын, æвæццæгæн, ирæттæ бынтондæр скуынæг сты, æндæр нæ национ телеуынынады ирон хабæртты ирон ныхас нæ райхъуысдзæн. Ома, равдыст амонджыты кой мæм нæй. Интервью кæмæй исынц, уыдонæн æмхуызонæй ирон мыггæгтæ, дзурынц уырыссагау. Уыцы иу рæстæг хъуысы тæлмац. Цымæ ма уый та цæмæн кæнынц, æви ныл сæ зæрдæ нæ дарынц, ома, кæд, мыййаг, мах уырыссагау не ‘мбарæм...

Алцыдæр æмбарæм, æниу нæ алкæмæн дæр йæ хъæбысы дзаг ирон æвзаджы тыххæй закъæттæ куы бакæниккой, уæддæр Ирыстон иронау нал сдзурдзæн. Хъуыддаг закъонимæ баст нæу, фæлæ уды скондимæ, зæрдæйы ахастимæ, зонды авналæнтимæ, дунеæмбарынадимæ. Айразмæ кæсын, æмæ национ телеканалы цалдæр уазæджы ныхас кæнынц. Уыдис дзы дагестайнаг адæмыхæттыты минæвар дæр. Æрмæстдæр уый загъта, йæ мадæлон æвзаг кæй зоны, йæ кæстæртæн æй кæй амоны. Æнæ уымæй, дам, хъуамæ мæхæдæг дæр, мæ цот дæр хъуамæ куыд цæрæм. Мæхицæн, дам, хæсыл нымайын мæ мадæлон æвзаг бахъахъхъæнын...

Иннæ архайджытæй, амонджытæй (æмхуызонæй ирæттæ) иунæг дæр йæ мадæлон æвзаг нæ зыдта. Æрыгон сылгоймаг-амонæг афтæ бамбарын кодта йæ уавæр, ома, æмбаргæ кæнын, фæлæ дзурынмæ нæ арæхсын æмæ «и я себе поставила блок». Иннæтæ дæр уыцы блокы хицæуттæ уыдысты. «Мой брат тоже не говорит, но сейчас он учится в Москве и там изучает осетинский язык», – загъта равдысты амонæг.

Уæ салам бирæ, æмæ уæд дарддæр цæуылнæ ацыд уыцы лæппу, ам æй кæд нæ базыдта, уæд Мæскуыйы сгуыхгæ фæкæндзæн? Ахæм куыдфæндыйы цæстæнгасæй адæймаг сфæлмæцыд. Цы хуызы хъуамæ сдзурæм иронау? Æрæджы тынг бадис кодтой Сæлбиты Тамирыл, уый ирон царды культурæмæ, традицитæм наукон цæстæнгасæй акæсгæйæ, дзырдта иронау. Уыимæ тынг дзæбæх. Фыццаг хатт æй фехъуыстон иронау дзургæ. Национ музейы разамонæг Цуциты Аслан архайдта Турчы цæрæг ирæтты тыххæй кинонывы, йæ хъуыдытæ рæгъмæ рахаста иронау.

Уыцы кинонывы чидæриддæр Турчы цæрæг ирæттæй архайдта, уыдонæн сæ ныхас уыд мадæлон æвзагыл, нæхи ирыстойнаг ирæттæ та дзырдтой æрмæстдæр уырыссагау, тæлмацимæ. Мах ууыл дæр фæцахуыр стæм æмæ ирон царды хабæрттыл, ирон æвзаджы уавæры тыххæй дзурæм уырыссагау. Хъуамæ нæ цы фервæзын кæна, æви фарста афтæ æвæргæ нал у. Нымæцон хуызмæ ирон æвзаг рахæссыны хъуыддаджы дæр уынын исты хуызы йæ бахъахъхъæныны фæрæз. Ома, уæддæр ын æнæ фесæфгæ нæй, æмæ ма йæ нымæцон хуызмæ уæддæр бахæссæм.

Кæддæр Уæрæсейы 1-æм телеканалы кастæн Владимир Познеры равдыстмæ, архайдта дзы номдзыд Гергиты Валери. Йæ ныхас уыд бæстон æмæ арфхъуыдыджын. Уый Познерæн йæ иу фарстæн афтæ загъта: «Я осетин». Уымæй йæ мадæлон æвзаг дæр нæ фесæфт, йæхи дæр равдыста бæрзонддæр æмвæзады... Кæрæдзийы ратон-батонтæй уæлдæр схызт...

Ныртæккæ республикæйы бæрнон кусджытæй, цымæ, цалæй дзурынц иронау, сæхимæ иронау дзурыны ахсджиаг хæс цæуылнæ райсынц? Кæд æмæ разамонæг дæ, цавæрдæр бæрæгбоны, ахсджиаг хъуыддаджы архайыс, уый размæ дыууæ хъуыдыйады иронау баиу кæн, сахуыр сæ кæн, æмæ дæ исчи интервью куы бацагура, уæд сдзур иронау. Æви ныр та тæлмацыл хъуамæ сахуыр уæм...

# Коммуналон лæггæдты аргъ

**Кремль куыд хъусын кæны, афтæмæй тынг лæмбынæг сæ хъус дарынц цæрæнуатон-коммуналон лæггæдты æргъты рæзтмæ. Ома, хъуамæ афтæ æваст ма схизой уæлæмæ. Уæрæсейы Президенты пресс-секретарь Дмитрий ПЕСКОВ куыд æмбарын кæны, афтæмæй Уæрæсейы разамынд коммуналон лæггæдты æргъты рæзтмæ кæсынц, иртасынц сæ.**



Ныр уал фыццаг бакасты райстой, Монополиты ныхмæ федералон службæ æргъæ куыд нывыл кæндзæн, ахæм закъоны проект. Коммуналон лæггæдты æргъты рæзтмæ се ‘ргом аздæхтой Паддзахадон Думæйы депутаттæ дæр.

Раст зæгъгæйæ, нæхи Парламенты дæр депутаттæ Фадзайты Арсен æмæ Дыдарты Сослан лæггæдты æргъты рæзты тыххæй сæ хъуыдытæ, хатдзæгтæ рæгъмæ рахастой. Фæстæдæр, сæ советы иу æмбырды уыцы ныхас адарддæр кодтой Парламенты разамынд дæр.

Республикæйы разамынд хъуамæ цæрджыты удæнцойдзинадыл бамæт кæной. Зæгъæм, æххуысхъуаг бинонтæн республикæйы Сæргълæууæджы уынаффæйæ нымайæнтæ лæвар æвæрынц. Уый цæрджытæн æхсызгон у.

Зæрдæ дарæм, æмæ фиддонты æргъты рæзтмæ дæр уæлдай æргом кæй аздæхдзысты, ууыл...

# Хæдзармæ куыст куы айрох уа, уæд...

**Дзæуджыхъæуы парчы тæккæ бахизæны цур, Максим Горькийы уынджы ‘рдыгæй, арæх фенæн вæййы уæйгæнджыты, цыдæр ирхæфсæнтæ, хъазæнтæ фæуæй кæнынц. Сæ цуры – ныййарджытæ æд сывæллæттæ, афтæмæй.**



Фæлæ сæумæрайсом уыцы тæрхæджытæ афтид уыдысты. Кæсын æмæ дзы иуыл ныддæлгом кодта гыццыл лæппу, йæ фарсмæ лæууыд йæхи цахъхъæн.

Куы фæхæстæгдæр дæн, уæд фембæрстон, сæ иу йæ хæдзармæ куыст не скодта æмæ йæ ныр талфтулфæй фыссы йе ‘мбалы тетрадæй. Фысгæ чи кодта, уый, æвæццæгæн, знон нæ равдæлд, суанг изæрмæ фæхъазыд, фæлладæй хæдзармæ бацыд æмæ уайтагъд афынæй. Уагæры фыццагкъласонтæн цавæр хæслæвæрдтæ раттынц, фæлæ сыл кусын та бахъæуы.

Йе ‘мбал йæ тетрад æрæвæрдта тæрхæгыл æмæ амоны... Фыццагкъласонтæ кæй уыдысты, уый бæрæг уыд сæ бакастæй. Фæлæ хæдзармæ куыст хæдзары кæй фæкæнынц, уый та сæ иуæй айрох... Азтæ разгъордтой... Автобусы раззаг бандоныл дыууæ хъомыл лæппуйы бадынц, сæ иу хæцы къухыл хæсгæ телефоныл, иннæ йæ уæрагыл йæ тетрад æрæвæрдта æмæ йæ хæдзармæ куыст телефонæй фыссы.

ЦалынмæДзæуджыхъæумæ схæццæ стæм, уæдмæ нæдæр йæ къух сызмæлыд, нæдæр йæхæдæг фæцудыдта. Æвæццæгæн, ахæм «сфыст» фыццаг хатт нæ кæны, йе ‘мбал дæр уыцы быхсон разынд... Ныртæккæйы фæсивæд сæхи спортивон залты батыхсын кæной, уый мæ нæ уырны, уæдæ æмхуызонæй сиахсцыды дæр куыд уыдаиккой. Æвæццæгæн, лæппу аныгъуылд компьютеры æмæ дзы айрох йæ хæдзармæ куыст... Азтæ, æвæдза, згъорынц, фæлтæртæ кæрæдзи ивынц. Фæлæ зонындзинæдтæ райсынмæ ахастæн баивæн нæй...

# «...Фæкæсы мæм афтæ, хъыг мын у куыддæр...»

**Куыстмæ хæстæг иу дуканимæ арæх бауайын. Айразмæ дзæкъултæ мæ къухты, афтæмæй æрлæууыдтæн дуары цур. Æддæрдыгæй лæууыд, мæнæ æнгуырстуаны йас гыццыл чызг, æз, зæгъын, уал уый æрбауадзон, стæй мæхæдæг æддæмæ рахиздзынæн. Фæлæ, кæсын æмæ чызг дуар арæхстгай байгом кодта æмæ мын фæндаг радта. Стыр бузныг ын загътон. Æхсызгон мын уыд сабийæ ахæм лæггад райсын, уæлдайдæр та, сывæллон уый кæй æмбары, хистæр-кæстæр кæй зоны...**



Фæндагыл цæугæйæ, цы нæ фендзынæ, цæмæ нæ фæкомкоммæ уыдзынæ... Афтæ мачи банхъæлæд æмæ, мæ азтæ мæхи уæвын куы райдыдтой, уæд кæстæртæм лæмбынæгдæр сдæн, мæнæ сын сæ хъæндзинæдтæ агурын, зæгъгæ. Уый афтæ нæу, сæ уæздандзинад дæр сын æмбарын, се ‘гъдау, сæ ахаст. Фæлæ ис, цæуыл æрдзурæм, уый... Мæнæ Алагирмæ цæуæг автобусмæ схызт хистæр нæлгоймаг, уыдис дзы дыууæ-æртæ уæгъд бынаты. Нæлгоймаг-иу сæм куыддæр бахæццæ, афтæиу уайтагъд райхъуыст æрыгон чызджы хъæлæс: «бынат ахст у». Æмæ та «бынат ахст у». Уый дæр иронау нæ, «занято», зæгъгæ-иу, сдзырдтой.

Лæг ма цыдæртæ сдзурынмæ хъавыд, фæлæ уыцы хъæр, уæндон ныхасæй йæхиуыл фæхæцыд. Бахæццæ шофыры цурмæ æмæ, йæ фæстæ бæлццæттæ сæ хызынтæ, пакеттæ кæм сæвæрынц, уыцы тъæпæныл æрбадт. Мах бон цы у? Ис сдзурæн дæр, уайдзæф бакæнæн, фæлæ дæ къæйных дзуаппыты бын фæкæндзысты. Фæлæ иуафон Дзæуджыхъæуæй Алагирмæ цæуæг автобусы шофыр нал бафæрæзта, йæ «маст» атыдта. Иу ран схызт хистæр, лæууыд, куыддæр схызт, афтæ йын иу æрыгон лæппу фæсте бæргæ сыстад, фæлæ сдзурын не сфæрæзта. Хистæр та йæ нæ федта, æгæр бирæ адæм дзы уыд. Шофыр хъæрæй сдзырдта, ацы нæлгоймагæн, дам, бынат цæуылнæ исчи радты, цæуылнæ здахут уе ‘ргом уыдæттæм, зæгъгæ...

Йæ уайдзæфтæ раст уыдысты, чи йæ хъуыста, уый йæ ‘мбæрста. Бæргæ, шофыртæ уыдæттæм сæ цæст куы дариккой, кæм хъæуы, уый, зæгъгæ дæр куы кæниккой. Ома, æмхуызонæй стгæ нæ кæнынц, афтæ зæгъæн нæй, ис дзы хорз хъомыладимæ фæсивæд, уæздан, æмбаргæ. Бынат дæр ратдзысты, сæхи дæр уæзданæй равдисдзысты. Фæлæ æгæр гыццыл сты нымæцæй. Æдзæсгæмттæй зынгæ къаддæр.

Афтæмæй айдзаг вæййынц автобустæ, хистæртæн дзы бынат нал вæййы, ома, æз сбадыны тыххæй уыдæттæ нæ дзурын. Цас диссаг у иу-æртын фондз минуты алæууын? Фæлæ хистæр кæддæриддæр хъуамæ хистæр уа, кæстæр та – кæстæр. О, ныртæккæйы фæлтæр кæмдæр махæй лæмæгъдæр сты, кæсыс, æмæ иу афон чидæр бавзæр, кæмæндæр йæ зæрдæ лæмæгъ у, кæмæндæр йæ сæр фæриссы... Фæлæ мæм уæддæр сæвзæрд, ныры фæлтæр зынгæ æдзæсгомдæр, къæйныхдæр кæй сты, ахæм хатдзæг. О, уыдон «Рæстдзинад» нæ кæсынц, фæлæ сын хъуамæ хæдзары хистæртæ уыдæттæ амоной, дзурой, цæмæй сæм фехъуыса.

Табу Йæхицæн, фæлæ Тымбыл Хъæды Дзуары бынмæ куы бахæццæ вæййæм, уæд æмхуызонæй сæ бынæттæй куыд сыстынц, афтæ хъуамæ хистæры уындæн дæр аргъ кæной, «место занято», зæгъгæ, ма дзурой. Чи æмæ йæ куыд бацахста, ау, хистæры уындæй хъуамæ æфсæрмы ма кæной ныры чызджытæ æмæ лæппутæ? Ныртæккæ, дам, информацион технологиты дуг ралæууыд, фæлæ махæн уый стыр пайда не ‘рхаста. Схиз, сбад æмæ дæ телефоны аныгъуыл, дæ цуры хистæр лæууы æви æндæр чидæр, нымад дæр дæм ма уæд. Уый у информацион технологийы бакаст?!

Хистæрæн кад кæнын кæй хъæуы, уый Интернеты фыстæй нæ разындзæн, фæлæ уыдæттæ сты ныййарджыты бæрны. Кæд æмæ йæ Тымбыл Хъæды Дзуары бын стын сахуыр кодтай, уæд хистæртæн кад кæнын та кæм аззад? Кæй бæрны? Алцыдæр скъолайы аххос цæмæн кæнæм, хъуамæ ахуыргæнæг сывæллонæн æппæт уыдæттæ куыд бацамона, кæд æмæ хæдзарæй йемæ ницы рахаста, уæд. Ома, уыдон бæстысæфты нывтæ не сты, фæлæ кæд ирон адæм стæм, кæд æмæ нæхи кавказаг адæмыхатт хонæм, уæд хъуамæ хистæртæ рохуаты куыд аззайой? Кæд æмæ ныры фæсивæд хистæрты нал уынынц, уæд нæ сомбон цы уыдзæн, кæм балæудзысты лæггад кæнынмæ кæстæртæ? Кæм ис сæ бынат нæ царды?

Мæ зæрдыл арæх Дзасохты Музаферы æмдзæвгæ ‘рлæууы:

**«...Фæлæ та æрлæудзæн нæ фæстæ æндæр,**
**Æрыгондæр махæй, тыхджындæр фæлтæр.**
**Тыхджындæр уыдзæни хъаруйæ, йæ зонд**
**Æххæсдзæни дарддæр, тæхдзæни бæрзонд.**
**Æрмæст цыма ‘гъдауæй уыдзæни фыддæр,**
**Фæкæсы мæм афтæ, хъыг мын у куыддæр...»**

Хуымæтæг фарстатæ, фæлæ сын дзуапдæттæг нæй. Айразмæ нæм редакцимæ æрбацыд црайуаг Хестанты Славик, йæ тыхст хъуыдытæ фæдзырдта. Фæсивæд сæхи куыд дарынц, уый йæм раст нæ кæсы. Ома, се ‘ппæт æмхуызон нæ хондзыстæм, фæлæ, уавæр куыд у, уый та æнæзæгъгæ нæй.

Хестаны-фыртмæ уыд фæндæттæ дæр, ома, «Аланты Нахас»-ы лæгтимæ иумæ куы абалц кæниккой кæцыдæр автобусы фæстæ, иу афон æй бауром æмæ фен, чи дзы бады, чи лæууы, уыдæттæ, уыцы ран бæлццæттимæ аныхас кæн... Уый æнцон нæу, фæлæ Ныхасы лæгтæ сты нæ хистæртæ, уыдоны ныхас кæд сахадид...

Нæ фылдæр хи машинæтыл цæуынц, фæлæ æхсæнадон транспортæн йæ ахадындзинад нæ сæфы, уым рабæрæг вæййынц нæ кæстæрты ахаст, сæ цæттæдзинад цардмæ, сæ зонд, сæ равг... Байрæджы, зæгъгæ, зæгъин, фæлæ нæ зонын, уый æгæр карз хатдзæг у. Фæлæ ма кæд нæ бон истытæ саразын уаид.

# «Уынгæ сæ фæкодтай?..»

**Исты зынаргъ дзаума балхæнынæн дæм æхца нæй, уæд хъуамæ дуканимæ дзæгъæлгаст кæнынмæ цæмæн бацæуай. Уый адæймаг æмбары æмæ æнæхъуаджы сæ къæсæртæй нæ бахиздзæн. Мæ фæлладуадзыны афон куы фæцис, уæд уый хæдразмæ дуканимæ бауадтæн, ме ‘мкусджыты зæрдæтæ, зæгъын, истæмæй алхæнон.**



Дуканийы тæрхæгыл цы плиткæтæ уыд, уыдонæй æвзарын. Уайтагъд райхъуыст уæйгæнæджы схуыст ныхас: «Æргътæ уынгæ фæкодтай?» Æмбаргæ дæр æй нæ бакодтон, мемæ кæй дзуры, уый. Фæлæ дзы æндæр æлхæнæг нæ уыд, æмæ йæм разылдтæн. Ау, дуканимæ хуымæтæджы, ома, æнæ ‘хцайæ, куыд хъуамæ бацæуон, уыцы стыр плиткæтæ дзы куыд хъуамæ райсон?

Цыдæртæ йын сабыргай загътон, ома, «...мæ уæлæдарæсæй бæрæг дары, бюджеты кусæг кæй дæн, уый? Æмæ кæд, мыййаг, мæ хызыны республикæйы бюджет æвæрд ис, уæд та...» Уæйгæнæгсылгоймаг ирон æвзагмæ рахызт, уый тыххæй нæ загътон, зæгъгæ, ма кодта, фæлæ мын мæ равг фехæлдта. Афтæ зæгъæн нæй, æмæ мын, фæндагыл цæугæйæ, дзæгъæл куыдз мæ къабайы фæдджи аскъуыдта, ныттыдтытæ йæ кодта. Уæдæ милайæ амæст дæр нæ уыдтæн...

Дуканийы кусæгмæ филологон наукæты доктор кæнæ кандидаты нысан кæм уыдзæн, фæлæ уæддæр хъуамæ æххæст уа хуымæтæг уæздандзинадæй, быхсондзинадæй. Хъуамæ уæлбæхæй цæмæн дзура æлхæнæгимæ, æви уыдæттæ ныртæккæ нымад нал цæуынц. Æз мæ зондæй уавæр нæ аивдзынæн, фæлæ йæм ныр иу дзæбæх дзыхджын куы фæлæбурдтаид фæстæмæ æмæ йын алывыдтæ куы акалдтаид, уæд та куыд? Ома, афтæ бакæнын мæ бон дæр уыдаид, фæлæ...

**Æрмæджытæ ныффыста**
**БУТАТЫ Эльзæ**



Спортивон фидиуæг



Уæззау атлетикæ

# Цæудзысты Æппæтуæрæсеон ерыстæм




**Дзæуджыхъæуы спортивон комплекс «Æрыгон Уæрæсе»-йы уæззау атлетикæйы залы спорты ацы хуызæй цыдысты РЦИ-Аланийы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ æрыгæтты (13-15 æмæ 15-17-аздзыд) ’хсæн.**

Ерысты цы сæдæмæ ’ввахс чызджытæ æмæ лæппутæ архайдтой, уыдонæй сæ бæрæггæнæнтæм гæсгæ æвзæрст цыдысты, Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæм чи ацæуудзæн, уыцы спортсментæ. Уыцы ерыстæ 23 мартъийæ 1-аг апрелмæ цæудзысты Махачкалайы.

Не ’взонг чызджытæ æмæ лæппутæ, спортсментæ, зæрдиагæй архайдтой се ’ппæт гæнæнтæй спайда кæнынил æмæ сын бантыст сæ кармæ гæсгæ хорз бæрæггæнæнтæ равдисын. Æхсызгон у, ахæм Олимпиаг хъæзтыты уæвæг спорты хуызæй нæм курдиатджын кæстæртæ кæй ис, уый.

Æмæ кæсын æхсызгон бæргæ вæййы, фæлæ нæм, хъыгагæн, ахæм хъæугæ спортивон бæстыхай абон дæр нæма ис, æмæ ерыстæ фæцæуынц къуындæг уавæры.

Нæ чызджытæ æмæ лæппутæ цы уæзтæ систой, уыдон хорз бæрæггæнæнтыл банымадтой нæ уæззау атлетикæйы тренертæ. РЦИ-Аланийы иугонд командæйы хистæр тренер **Дзбойты Петр** уый фæдыл загъта: «Нæ кæстæрты архайд, æмткæй райсгæйæ, банымайæн ис хорзыл. Мах уынæм, суинаг лæппутæ æмæ нæм чызджытæ къордæй кæй сты, уый. Раппæлинаг у, æрыгон штангисттæ сæ цæттæдзинад куыд æнæдызæрдыгæй æвдыстой, уый. Нæ лæппутæ æмæ чызджытæ цы бæрæггæнæнтæ равдыстой, уыдон арвыстам нæ бæстæйы уæззау атлетикæйы федерацимæ. Уым бæрæггонд цæудзысты Уæрæсейы республикæтæ æмæ облæстты ерысты хуыздæр бæрæггæнæнтæ, æмæ уыдонмæ гæсгæ хуынд цæудзысты Æппæтуæрæсеон ерыстæм. Мах уырны, нæ хъомылгæнинæгтæ Махачкаламæ балцæгтæ къордæй кæй райсдзысты, уый.

Зæрдиаг арфæ кæнын нæ тренертæ æмæ нæ æрыгон спортсменты ныййарджытæн!»

13-15-аздзыд чызджыты ерысты 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 40 кг – **Аннæ Черемных**, 59 кг – **Дзагуырты Кирæ**, 71 кг – **Тобойты Радæ**, +81 кг – **Годжысаты Мариаинæ**.

Ацы кары лæппутæй уæлахиздзаутæ систы: 41 кг – **Темыраты Марат**, 45 кг – **Пæррæстаты Альберт** (Цхинвал), 55 кг – **Хаæребаты Марат**, 61 кг – **Хуыгаты Чермен**, 67 кг – **Сабанты Хетæг** (Цхинвал), 73 кг – **Тасойты Дмитри** (Цхинвал), 81 кг – **Мзокты Давид**, 96 кг – **Къæбысты Арсен**, 102 кг – **Томайты Арсен.**

15-17-аздзыд чызджыты ерысты 1-аг бынæттæ бацахстой: 55 кг – **Къæбулты Альбинæ**, 59 кг – **Дарья Дыхалова**, +81 кг – **Габеты Зæринæ**.

Се ’мгар лæппутæй фыццæгтæ систы: 55 кг – **Барсæгты Георги**, 61 кг – **Таматы Марат**, 67 кг – **Къудухты Анатоли**, 73 кг – **Кокайты Георги**, 81 кг – **Константин Димоев**, 89 кг – **Гæбæраты Георги**, +102 кг – **Алексей Якушев**.

Нæ сæрæн фæсивæды ерыстæм бацæттæ кодтой тренертæ **Акъоты Артур, Бидеты Алан, Цæгæраты Юри, Тогойты Вадим, Лазарты Владимир, Наниты Руслан, Мерденты Кристинæ, Кадиты Зауырбег, Дреты Андрей, Кæсæбиты Александр, Тогойты Æхсар** æмæ **Дзæукъаты Станислав.**

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Нæ юбилyартæ

# Æгъдау æмæ æфсармы хицау

**Фыдæлтæй куыд баззад, афтæмæй хъысмæтæн ис йæхи уагæвæрд. Иутæм æдзух мидбылты фæхуды, иннæтæм та фæкæсы æлхынцъ æрфыгæй... Æнусы размæ дунейы рухс федта КАНДОХАТЫ-ДЗИУАТЫ Хадзумары чызг Нинæ. Йæ сабидуг æрцыд тæккæ ног цард арæзтады азтæм: ног экономикон политикæ, хъæуты иумæйаг хæдзарæдты сырæзт æмæ ивгъуыд æнусы æртынæм азты райдайæны æххормаг рæстæг. Нинæ æмæ йæ мадызæнæг аирвæзтысты мамæлайы комдзæгтæй сæ ныййарджыты тухиты фæрцы.**

Йæ азты бæрзæндæй царды фæндагыл йæ цæст куы ахæссы, уæд фыццагдæр æрымысы Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Уæд цы зындзинæдтæ бавзæрстой нæ бæстæйы адæм, уымæн ницæимæ ис абарæн. Уæддæр бабыхстой алцæмæн дæр. Уый нæ, фæлæ ма ахуыр дæр скодтой. Нинæ райста базаргæнæджы дæсныйад æмæ бирæ азты фæкуыста æфсæнвæндаджы Даргъ-Къохы станцæйы дуканийы кусæджы æфсисады хайады.

Æгъдау æмæ ‘фсарм цы адæймагмæ уа, уый кæддæриддæр уарзон у сыхбæстæн æмæ хъæубæстæн. Ахæм у Кандохаты-Дзиуаты Нинæ дæр. Зæдæнгæс сылгоймаг уæхскуæзæй æмæ зæрдæхæларæй фæлæггад кодта фæлхасгæнджытæн. Æмбаргæ, бонзонгæ, фæллойуарзаг Нинæ Кæрдзыныхъæуы йæхицæн скодта ном æмæ кад. Æдзухдæр йæхи уарзын кодта канд бинонтæн нæ, фæлæ сыхбæстæн, æфсæнвæндагыл цæуæг бæлццæттæн.

Незамантæй нырмæ ирон цард арæзт у хистæр æмæ кæстæры уæздан æгъдауæй. Кадджын æмæ æгъдауджын кæм у хистæр, кæстæр та – æнæзивæг лæггадгæнæг, уым ис бæркад дæр æмæ амонд дæр.

Раст ахæм мыдыкъусау алцæмæй æххæст хæдзар федтой сæдæаздзыд юбилярæн йæ кадджын гуырæн бонмæ арфæтæ кæнынмæ æрбацæуæг уазджытæ: Кировы районы ветеранты уынаффæдоны сæрдар **Бедойты Феликс**, «Аланты Ныхас»-ы районы хайады уынаффæдоны сæрдар **Къубалты Солтан**, цæрджытæн социалон æххуысы районы Комплексон центры разамонæг **Чеджемты Рузанæ**, Кæрдзыныхъæуы хицау **Андиаты Сослан**, ацы цæрæнбынаты бынæттон администрацийы бæрнон кусджытæ **Зембатты Ритæ**, **Моргуаты Заретæ, Нæкуысаты Ритæ**. Сæмбæлдысты алыхуызон зæрдылдарæн лæвæрттимæ, стæй районы Кады гæххæттимæ, йæ къухæвæрдæй йæ сфидар кодта Кировы муниципалон районы администрацийы сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Елойты Алымбег**.

Стыр хъыгагæн, Дзионы баййæфтой хуысгæ рынчынæй. Æрбацæуджытæ куыд бамбæрстой, афтæмæй Нинæ зылдцух æмæ фæкæсынхъуаг нæу. Æрхъæцмæ дæр ыл нæ хъæцы йæ хъæбул **Лиля**, æнæцæстдард нæу йæ цæгат Дзиуатæй дæр. Уазджытæ йæ цуры баййæфтой **Дзиуаты Фатимæйы**. Куыд бамбæрстой æрбацæуджытæ, афтæмæй дыууæ мыггаджы уарзонæй æрвитынц сæ цард.

— Йæ хъару ма йæхимæ куы уыд Нинæйæн, уæд цины дæр æмæ хъыджы рæстæг дæр уыдис хъæубæстимæ. Уæздан æмæ æрхъуыдыджын, нæртон сылгоймагау бæрзæндты фæхаста ирон æгъдау æмæ æфсарм. Уыдæттæ амыдта кæстæртæн дæр, – дзырдта Зембатты Ритæ.

— Нинæ йæ царды мидæг бирæ хорздзинæдтæ сарæзта, — загъта Андиаты Сослан. — Йæ фæдыл ис рухс фæд æмæ бирæ мысинæгтæ.

Иунæг кадджын Хуыцау æмæ йæ фылдæр чи уарзы, уыдоны фæндиаг уæд æнусы сæрты акæсæг Кандохаты-Дзиуаты Хадзумары чызг Нинæ!

**КЪУБАЛТЫ Аркади**

Æххуыс

# Нæ хъæбатыр хæстонтæн

**Цæгат Ирыстоны сылгоймæгтæ æппæт адæмимæ æрвитынц гуманитарон æххуыс, Уæрæсейæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайгæйæ, хъæбатырдзинад чи æвдисы, нæ сабыр цард чи хъахъхъæны, уыдонæн.**

Ныр радон хатт ахæм æххуыс бацæттæ кодтой æмæ арвыстой Хуымæллæджы Сылгоймæгты советы уæнгтæ. Нæ иумæйаг нысан, – лæппутæн бахъуыс кæнын – баиу кодта бирæ адæмы. Рахизфарсы районы Сылгоймæгты советы сæрдар **Тараты Людмилæ** нæм фæсидтис, æмæ æвæстиатæй кусын райдыдтам. Чи – æхцайæ, чи та хæдзарон цæхджынтæ, вареннæтæ хаста, афтæмæй æмбырд кодтам æрвитинæгтæ.




Хуымæллæгæй сæрмагонд æфсæддон операцийы 100 лæппуйы бæрц архайы, уыдоны бинонты дæр бафарстам, ахсджиагдæр сæ цы хъæуы, тынгдæр цæмæ æнхъæлмæ кæсынц, уымæй.

Зæрдиагæй архайдтам, æмбарæм æй: Ирыстонæй дард æмæ тæссаг ран уæвгæйæ сын æхсызгон уыдзысты нæ лæвæрттæ. Æппæты ахсджиагдæр – хъарм уæлæдарæс, мидæггæгтæ, сыгъдæгдзинадæн хъæугæ дзаумæттæ, æрмкъухтæ, цъындатæ. Хорз къафеттæ, печенитæ, тушенкæтæ, сгущенкæтæ, консервтæ, цай, къофи, æндæр зæрдиаг лæвæрттæ куы сцæттæ сты, уæд сæ дзæбæх батыхтам, ныффыстам сыл «Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бонмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн Хуымæллæджы сылгоймæгты советæй». Беслæнæй дард фæндагыл араст сты не ’мзæххонтæм.

Бузныг зæгъын мæ фæнды ме ’мцæдисонтæ **Чшиаты Агуындæ, Кæсæбиты Дзерассæ, Кокайты Иринæ, Битеты Льянæ, Æлбегаты Зæлинæ** æмæ **Анжелæ, Кцойты Альбинæ, Бититы Дианæ, Сæлбиты Альбинæ, Кцойты Фатимæ** æмæ, йе ’ххуысы хай ацы хъæугæ хъуыддагмæ чи бахаста, уыдонæн.

Алы ныййарæгæн дæр йæ хъæбул дзæбæхæй, уæлахизимæ сыздæхæд йæ фыды уæзæгмæ.

**ГУГКАТЫ Фатимæ,
Хуымæллæджы
Сылгоймæгты
советы сæрдар**

Аивад

# Равдыст байгом

**Дзæуджыхъæуы Нотон-музыкалон чиныгдоны кадджын уагæй байгом кодтой æрыгон нывгæнджыты равдыст «Графикæ».**



Экспозици кæй баиу кодта, уыцы цыппæрдæс авторы каст фесты Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты аивæдты факультет, Дзæуджыхъæуы Дзанайты Азанбеджы номыл аивадон училищæ æмæ Бетъырбухы Илья Репины номыл аивæдты академи. Равдысты æдæппæт æрæвæрдтой алыхуызон графикон мадзæлттæй æххæстгонд сæдæ куыстæй фылдæр.

Проект банымайæн ис иумæйаг сфæлдыстадон куысты бæрæггæнæныл. Равдыст саразыны хъуыды сæвзæрд æнæнхъæлæджы уагæй: кæрæдзиимæ рагæй зонгæ нывгæнджытæ сæ аивад баиу кæныны æмæ хи куыстытæ æвдисынæн скодтой иумæйаг аивадон тыгъдад саразыны фæнд. Æппæт уацмыстæ конд сты иумæйаг уагæй, æмæ уый фæрцы адæймагæн ис сæйраг æргом хахх, стъæлф, кæнæ композицимæ аздахыны æмæ афтæмæй графикæйы æвæджиауы гæнæнтæ раргом кæныны фадат.

Равдыстмæ æрбацæуæг аивадуарзджытæ экспозицийы æввæрд мидисджын куыстытæй райгонд сты.

– Бирæ адæм равдыстмæ кæй æрбацæуудзæн, уый æнхъæл нæ уыдыстæм. Ног курдиатджын нывгæнджытæ нæм цæмæй фæзыной, уый мæ фæнды, – зæгъы ЦИПУ-йы аивæдты факультеты студенткæ **Джиоты Камиллæ**.

21 мартъийы онг цы равдыст уыдзæн, уый фенæн ис алы адæймагæн дæр.

**Нæ уацхæссæг**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ



Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц, Приморскы хъæдыхæдзарады академийы профессор, Ирон диаспорæйы сæргълæууæг

**ДОЙАТЫ
Хъазыбеджы фырт Сослан**
(Дойаты Зауыры æфсымæр)

кæй амард, уый фæдыл.

Зианы æвæрæн бон уыдзæн цыппæрæмы, 19 февралы Уссурийскы, Приморский крайы.




**Мыхуыры рацыд англисаг æвзагмæ тæлмацæй Хуыгаты Сергейы радзырдты чиныг «Ossetian Fiddle» («Хъисфæндыр»). Радзырдтæ англисаг æвзагмæ ратæлмац кодта Владимир Пукиш (Будапешт, Венгри), нывтæ йын скодта Кокойты Мариа (Цхинвал, Хуссар Ир). Чиныг уæй кæнынц дукани «Аллон-Биллон»-ы (Сабырдзинады проспект, 12).**

**Кладка каминов, мангалов,
отопительно-жаровочных комплексов,
осетинских печей под газ и под дрова.
Гарантия работы – 30 лет.
Работают профессионалы.
Тел.:
8-988-830-81-12 (Ирбек),
8-928-484-24-58 (Хамиц).**

**Услуги электрика
Оказываю услуги электрика
качественно, надежно.
Все виды работ с гарантией.
Выезд и консультация бесплатно.
Тел.:
8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Обслуживание колонок и котлов.
Тел.: 8-961-821-90-88.**

**Металлоизделия,
двери, ворота,
навесы из лексана,
покраска ворот.
Тел.:
8-928-928-88-24.**






**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

Номыры радхæссæг редактор — **Хъойбайты Галинæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
4-æм фарсæн — **Рæмонты Алинæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2736.
Заказ № 168.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru**